




Distri
Lekòl
Rejyon
Palm
Beach

Bonjan Netwayaj
Ki Pa Nui
Sante Moun



Bonjan Netwayaj Ki Pa Nui Sante Moun

Kontni

	Paj
Koudèy sou pwodui ki pa nui sante moun	3
Etap pou bonjan pwòpte nan yon lekòl	4
Netwayaj ak antretyen jeneral	5
Epoustaj ak twal mouye.....	7
Fason pou byen netwaye planche.....	9
Bon kout bwòs sou planche	11
Siraj planche.....	12
Vènisaj planche.....	14
Fason pou netwaye twalèt.....	16
Netwayaj salklas – vide poubèl ak epoustaj	18
Netwayaj twalèt	20
Regilarite nan fè netwayaj.....	22
Fòmilè pou kominikasyon sou antretyen jounalye	24
Remèsiman.....	25

Koudèy sou pwodui ki pa nui sante

Sèvis netwayaj ak pwodui ki pa nui sante se yon inisyativ ki redui gwo enpak netwayaj genyen sou sante moun ak anviwònman. Pandan seleksyon pwodui yo enpòtan, fason pou sèvi ak sa ki pa nui sante moun yo enpòtan menm jan an tou, si yo pa menm pi enpòtan toujou.

Anjeneral, izaj pwodui netwayaj ki pa nui sante yo sanble avèk izaj pwodui tradisyonèl yo. Diferans yo plis yon kesyon fokis ke teknik.

Youn nan premye objektif yon pwogram netwayaj ak pwodui ki pa nui sante moun se pwoteje sante moun ki nan lokal la. Sa ka fèt divès fason ki gen ladan yo idantifikasyon ak depasman kontaminan ki danjere yo tankou pousyè, limon, bakteri ak viris.

Bi ti liv sou fason pou itilize “Pwodui ki pa nui sante moun” yo se mete alekrit yon gid ki eskplike pwen pa pwen kouman pou sèvi avèk pwodui ki pa nui sante moun epi ranfòse pwosesis netwayaj ak pwodui sa yo ki nesèsè pou mentni sante ak byennèt moun ni nan lokal la.

Etap pou fè bonjan netwayaj nan lekòl yo

- ♣ Kenbe ale ak zòn kote machin gare yo pwòp, byen bale.**
- ♣ Mete poubèl nan antre yo pou redui salte nan koulwa yo.**
- ♣ Egzije pou yo chwazi yon sèl oswa de kote pou yo mete manje, snak , manje ak remete nan plas yo manje fèt yon sèl oswa de kote sèlman nan lokal la.**
- ♣ Koukouwouj dèyè tout founiti yo fè kado epi ki boure avèk twal, tapi nan salklas ak koulwa yo.**
- ♣ Koukouwouj dèyè tout pwodui chimik moun pote lekòl la sot lakay yo.**
- ♣ Pase twal mouye oswa bwose atè yo souvan pou redui kantite kontaminan anndan an.**
- ♣ Tabli yon orè travay ki plase sante ak anviwònman kòm premye priyorite.**
- ♣ Mete sou pye yon Komite Lapwòptay ki gen ladan l reprezantan paran, kominote a, pwofesè, estaf jeran ak elèv.**
- ♣ Etabli yon sistèm kesyon ak doleyans (ankèt pwofesè).**

Netwayaj Atè ak Antretyen Jeneral

Atik netwayaj:

- 1. Mete tapi pye atè a, fè epoustaj oswa netwaye souvan pou devlope yon sistèm antretyen pou atè yo chak jou.**
- 2. Devlope yon pwogram restorasyon enterim pou kenbe atè yo nan yon nivo vèni adekwa ki fè yo rete bèl.**

Fason pou pran swen atè yo nan kad yon pwogram ak pwodui ki pa nui sante moun, nan anpil ka, se menm jan ak pwogram tradisyonèl yo. Piwo toujou pase aspè tradisyonèl yo, swen planche yo nan yon pwogram netwayaj ak pwodui ki pa nui sante moun adrese seleksyon pwodui preferab yo ak atik netwayaj pou anviwònman, ansanm avèk yon ti modifikasyon pwosesis yo.

Nan yon pwogram netwayaj ak pwodui ki pa nui sante moun, premye efò a ta dwe yon estrateji pou fè prevansyon kont polisyon oswa minimize bezwen pou w netwaye ak bay atè a yon nouvo kouch. Sesakfè, nou dwe mete aksan sou mezi prevantiv tankou:

- ♣ Kenbe antre deyò yo pwòp pou anpeche pye bwote tè anndan an. Sa ka gen ladan l bale ak lavaj apresyon.
- ♣ Mete tapi pye devan antre yo pou kenbe tè ak limon anba soulye. Li enpòtan pou tapi pye sa yo laj ase pou chak soulye kapab frape yo omwens de fwa (apeprè sis a dis pye).
- ♣ Li enpòtan pou pase aspiratè sou tapi pye ki devan antre yo pou kenbe yo pwòp pou anpeche akimilasyon tè.
- ♣ Toujou ap pwòpte atè ki fèt ak mozayik yo, sitou sa ki pre avèk antre yo ak lòt sous debri.
- ♣ Pwòpte anba tapi pye yo chak jou pou redui limon ki kab donner bakteri ak mikwòb. Yo ta dwe ranplase tapi pye ki mouye yo.

- ♣ Anjeneral, yon pwòptaj entansif plis mete aksan sou nesesite pou anpeche tè ak debri antre anndan lokal yo olye se netwaye yo oblije ap netwaye apre yo fin pwopaje toupatou nan lokal la.
- ♣ Itilize mwens dlo posib epi vante zòn nan avèk ventilatè si nesesè pou seche kote a rapid epi diminye posiblite pou limon pa pouse ak pou aksidan pa fèt si yon moun ta glise tonbe.
- ♣ Fè gwo pwòptaj yo lè pa gen moun la. Sa bay lokal la plis tan pou l vin vante avan moun tounen ladan l.

Epoustaj ak Bale Twal Mouye

Atik netwayaj:

- 1. Fè sèten bale twal mouye yo byen trete pou kenbe pousyè.**
- 2. Itilize twal ki p ap lage fil (fabrik ki fen anpil, pa trete yo) oswa yon aspiratè alapas epoustè ki fèt ak plim.**
- 3. Mete atik netwayaj pou pwoteje tèt ou. (*Personel Protection Equipment (PPE)*)**

Sistèm epoustaj ak teknik tradisyonèl pou chase pousyè pi souvan se deplase yo deplase pousyè vòltije ale yon lòt kote, tankou retire pousyè sou yon etajè liv voye l atè. Li enpòtan pou rekonèt ke deplase pousyè ap fè l fè laviwonndede sanble ak lave men siye l atè. Operasyon epoustaj ak bale twal ki pa kapte debri se ba yo zèl pou paweze nan lè a kote moun ka respire yo, sa ki kab lakòz kèk moun vin tonbe malad.

Pase Bale Twal Mouye

1. Flite tretman an sou yon bale twal pwòp. Suiv eksplikasyon faktori a pou wè kantite pou w mete. Pase l tou pre avèk dèdo bale twal la, nan pwent fil yo. Pa fè eksè.
2. Woule bale twal mouye a ak pati ki trete a pa anndan. Mete l nan yon sache plastik pou omwens 24 èdtan. Apre 24 èdtan, mete bale twal trete a/pare a sou ankadreman an.
3. Pase bale twal mouye nan zòn nan, kontinye san rete, san w pa leve bale twal mouye a.
4. Kòmanse nan kwen mi an. Nan lòtbout opoze a, pivote bale twal mouye a yon fason pou kwen k ap travay la rete menm jan. Retounen pati opoze a.

Depase premye kote ou fenk pase bale twal mouye sou li a distans 2 a 4 pous pou asire w ou fin ak pati sa a nèt.

5. Yon bon pase ak twal mouye byen trete chase tout tè, pousyè ak debri kalsitran, san kite atè a malfagote oswa glise. Bale tè yo mete yon kote, fè yon ti souke bale twal mouye a epi kontinye. Retire gonm chiklèt, tep oswa lòt debri ki kole yo ak yon gratwa, fè atansyon pou w pa domaje oswa gate pakè a. Kontinye pwosesis pase bale twal mouye a jiskaske ou fin netwaye toupatou. Lè w fini nèt, pran yon bwòs ak yon plato pou ranmase debri yo.
6. Retire rès pousyè ki sou tèt bale twal la. Mete bale twal la sou yon kontenè fatra. Bwose l ak yon lòt bwòs di ki fèt pou sa nan yon mouvman desann anba.
7. Pandye bale twal la. **Pa** kite bale twal la atè. Pwodui tretman bale twal la ap sal atè a epi fib ki nan bale a ap depafini.
8. Lè bale twal la pa ka ranmase debri ankò, l ap bezwen yon lòt tretman. Flite bale twal la chak fwa ou fin travay pou jounen an epi pandye l yon kote pou tout nuit lan.
9. Ou pa ta dwe trete twal pousyè ti fil fen yo avèk pwodui tretman ki fèt pou bale twal mouye yo.
10. Lave bale twal yo chak semèn.
11. Re-trete yo menm jan ou te fè premye tretman an.

Fason pou Sire Planche

Atik netwayaj:

- 1. Avèti okipan yo alavans si w pwograme pou w sire epi bay planche a yon dezyèm kouch.**
- 2. Melanje epi itilize pwodui yo dapre eksplikasyon faktori a bay.**
- 3. Itilize atik netwayaj pou pwoteje tèt ou jansadwa. Li obligatwa pou w mete gan ak bòt kawotchou.**
- 4. Vante avan ak apre travay siraj la.**
- 5. Travay siraj te dwe fèt yon fwa pa ane nan zòn ki gen anpil trafik yo. Kote ki pa gen anpil trafik yo, li pa toujou nesèsè pou sire yo chak ane, anpil fwa, kote sa yo merite yon kout bwòs sèlman.**

Siraj Planche

1. Prepare zòn nan. Plase pano atè mouye nan antre zòn ki sire a. Deplase founiti yo. Opere alantou founiti ki lou yo oswa founiti ou paka deplase yo. Bale atè a ak bale twal mouye ki trete. Retire gonm chiklèt, tep, ak lòt debri.
2. Prepare atik netwayaj yo. Mete ansanm de tèt bale twal ak manch yo. Make sou youn “bale siraj”. Make sou lòt la “bale rensaj”. Pran de bokit bale twal ak tòdyè yo. Make sou youn “bokit siraj”. Make sou lòt la “bokit rensaj”. Mete yon band siraj nwa sou vitès redui machin planche wotatif la. Plen bokit siraj la ak dlo epi ajoute solisyon (likid) siraj dapre eksplikasyon faktori a bay. Ranpli yon lòt bokit avèk dlo fwèt pwòp. Ekipe yon aspirate avèk yon aparèy prije. Mete atik netwayaj an nan zòn kote travay la pral kòmanse.
3. Pase solisyon (likid) siraj la sou planche a, sèvi ak bale siraj la ak bokit siraj la. Tranpe bale twal la nan likid la. Retire bale twal

la epi kite likid ki anplis la degoute nan bokit la. Blayi tèt bale twal la atè a epi pase likid siraj la nan kwen yo. Kontinye pase solisyon an ak yon mouvman demi sèkl de dwat agoch, kouvri zòn ki ant kwen yo. Pase ase solisyon pou mouye tout planche a, men **PA INONDE** 1. Pa kite solisyon an vin sèch sou planche a. Pran yon moso twal imekte epi prese retire tout tach ki sou mi, rebò, glas ak founiti. Kite solisyon an rete 5 a 10 minit sou planche a. Si se nesesè, fè yon dezyèm pase pou kenbe planche a mouye.

4. Netwaye rebò, kwen ak kote ou pa kab jwenn yo avèk yon machin “Doodle Bug” ak yon tanpon.
5. Sire planche a avèk machin siraj la ak tanpon siraj nwa a. Foubi nan sans sikilè, soti yon kote ale nan yon lòt kote jiskaske ou kouvri tout sal la. Pase sou tras machin nan fè yo. Kenbe planche a mouye.
6. Itilize yon aspiratè mouye pou retire solisyon siraj la sou planche a. Egzamine planche a pou fè yon travay final. Re-sire tout kote ki bezwen sa.
7. Rense planche a. Itilize bokit rensaj la ak bale twal la pou pase solisyon siraj la. Pran ase dlo rensè pou w mouye tout planche a nèt ale, men **PA INONDE PLANCHE A**. Sèvi avèk aspiratè mouye a pou retire dlo rensè a sou planche a.
8. Enbibe planche avèk dlo pwòp. Vide bokit rensè a epi replen li avèk dlo toutotan dlo a ap vin plen ak tè.
9. Itilize vantilatè planche ak vantilasyon pou seche planche a nèt ale.

Bwosaj

Atik netwayaj:

- 1. Detèmine si bwosaj la nesèsè.**
- 2. Mete pano ki di atè a mouye.**
- 3. Rasanble atik netwayaj yo.**
- 4. Mete atik netwayaj pou pwoteje tèt ou.**

Gwo Bwosaj

Gwo bwosaj se youn nan pi bon fason pou byen kenbe kouch pwotektris la ak aparans san kite tras gwo siraj. Se mwens travay di, sa pi bon pou anviwònman an paske li redui izaj gwo siraj ki kite tras, epi nou depanse mwens kòb lè nou redui kantite fwa pou sire yon planche. Pou detèmine si gwo bwosaj nesèsè, gade planche a pou wè si manke vèni ak si planche a manke klere. Gwo bwosaj nesèsè lè planche a te vèni 8 a 10 fwa epi li pat reyaji, li te rete menm jan an malgre pwosesis vènisaj la. Kote trafik la makawon anpil, etabli yon orè chak twa a kat mwa.

1. Mete pano ki di atè a mouye nan antre yo.
2. Retire tapi pye ki nan antre yo epi pase bale twal mouye.
3. Mikse likid net nan yon gratwa otomatik dapre eksplikasyon faktori a bay.
4. Mete tanpon gratwa koulè vèt nan machin nan.
5. Itilize metòd gratwa doub la, gratwa otomatik san aspiratè a pa an mach, ansuit, fè yon grataj otomatik avèk aspiratè a anmach epi retire likid. Chavire oswa chanje tanpon an lè se nesèsè.
6. Kite planche a seche. Ou ka akselere pwosesis seche a lè w plase vantilatè plizyè kote sou planche a.
7. Pase 1 a 2 kouch vèni.
8. Retire pano ki di atè a mouye yo, netwaye epi remete atik netwayaj yo nan plas yo.

Aplikasyon Vèni

Atik netwayaj:

- 1. Plase pano ki di atè a mouye yo.**
- 2. Rasanble atik netwayaj yo.**
- 3. Mete atik netwayaj pou pwoteje tèt ou (pwoteje zye w lè w ap plen bokit la)**
- 4. Sire oswa foubi planche a avan ou vèni l.**

Li nesesè pou w vèni planche a pou pwoteje ti kare mozayik fi fèt anbwa yo, pou fasilite pwosesis netwayaj la epi mentni aparans lan. Nan yon operasyon netwayaj ak pwodui natirèl, pwosesis vèni an se menm jan avèk pwogram tradisyonèl la.

Pase Vèni

1. Plase pano atè a mouye nan antre yo.
2. Itilize yon bale twal pwòp. Rense l nan dlo pwòp avan ou sèvi avèk li.
3. Aliyen yon bokit avèk yon sache fatra pou pwoteje vèni an. Vide likid vèni an nan bokit la sou bale twal la pou anpeche l kimen twòp. Vide ase likid vèni pou fin fè travay la. Pa janm kenbe vèni pandan nuit lan pou itilize l nan demen.
4. Tòde pwent bale twal la jiskaske likid vèni an pa degoute ankò.
5. Repase zòn nan apati 6 pous arebò mi yo. Sèvi avèk mouvman figi 8 la pou plen zòn nan ak vèni devan dèyè nan sal la ak padeyò pòt la.
6. Itilize toude bò bale twal la epi re-plonje l nan likid vèni an si se nesesè.
7. Kite vèni an seche pandan omwens 30 minit. Ou ka itilize vantilatè pou fè planche a seche pi vit. Men **PA** kite vantilatè yo fikse planche a dirèkteman.

8. Pase 6 kouch vèni pou planche ki sire yo avèk dènye kouch la pase rive sou, **pa sou** rebò mi yo ak 1 a 2 kouch pou planche ki byen bwose yo.
9. Netwaye epi remete atik netwayaj yo nan plas yo.

Lè w ap Vèni Planche

Atik netwayaj:

1. Fè sèten gen ase likid vèni. Detèmine si se lè pou w bwose ak pase yon lòt kouch.
2. Seleksyone epi mikse pwodui restorasyon apwopriye selon eksplikasyon faktori a bay.
3. Itilize tanpon vènisaj ki apwopriye a.
4. Mete atik netwayaj pou pwoteje tèt ou.

Vènisaj Planche:

Antretyen planche yo ka fè yon kokenn chenn enpak sou anviwònman an. Retire vèni sou planche se youn pami travay ki pi entansif epi danjere pami tout operasyon entretyen ki egziste, sa ki lakòz moun k ap fè netwayaj yo ak okipan yo andanje. Metesousa, lè nou fè siraj souvan, sa okazyone yon gwo kantite enpak sou anviwònman an pamwayen pwodui nou itilize epi voye jete.

Objektif yon pwogram antretyen avèk pwodui ki pa nui sante moun se minimize kantite glise tonbe, minimize aplikasyon pwodui chimik kote moun ap travay epi maksimize aparans kouch la.

Pou maksimize lonjevite yon pwogram swen planche, fè sèten vèni ki sou planche a genyen nen nan figi 1. Vèni sèk aji tankou sable w ap pase sou yon bwa, plis w ap pase sable a yon kouch aprè yon lòt kouch, se konsa bwa a ap vin pi vèni, pi banda.

1. Mete pano ki di atè a mouye devan tout antre yo.

2. Deplase tapi pye yo epi pase bale twal mouye sou planche a. Retire gonm chiklèt ak lòt debri yo.
3. Itilize yon netwayè net pou w pase yon gratwa otomatik tout kote ou pral travay yo.
4. Melanje pwodui chimik restoratè a nan yon bokit pwòp. Manche tèt yon bale twal pwòp.
5. Plonje bale twal pwòp la nan likid la epi tòde l.
6. Pase pwodui chimik restoratè a sou planche a nan yon mouvman figi 8 a 6" distans avèk rebò mi an.
7. Kite l seche pandan 30 minit epi pase machin vèni an sou kote ou sot pase yo. **PA** kite machin nan rete nan yon sèl pozisyon pandan plis pase 3 segond.
8. Pase bale twal mouye a pou w chase tout debri k ap flannen nan zòn nan.
9. Deplase pano ki di atè a mouye a, netwaye epi remete atik netwayaj yo nan plas yo.

Fason pou Netwaye Twalèt

Atik netwayaj:

- 1. Fè sèten likid dezenfektan an prepare epi ou itilize l jansadwa (sètadi pandan 10 minit.)**
- 2. Dezenfekte sifas moun ap manyen chak jou yo pou elimine jèm k ap taye banda sou manch pòt yo, kouvèti seri ak plak yo.**
- 3. Pase twal mouye kote likid tonbe yo.**
- 4. Mete atik netwayaj pou pwoteje tèt ou (PPE).**
- 5. Suiv eksplikasyon ki ekri yo.**

Menmlè pwosedi netwayaj twalèt nan yon pwogram avèk pwodui ki pa nui sante moun sanble avèk pwosedi nan pwogram netwayaj tradisyonèl la, akòz yo itilize yo anpil, nou dwe sèvi avèk pwodui netwayaj apwopriye pou kenbe twalèt yo toujou pwòp.

Fè sèten netwayaj la konplè nèt ale, ak tout zòn ki difisil pou jwenn yo tankou dèyè twalèt yo ak ozanviwon irinwa yo. Itilize yon netwayè planche ak yon machin gratwa pou netwaye planche a chak mwa.

Twalèt

1. Netwaye soti anwo rive anba, nan direksyon pòt la, epi fè travay osèk avan travay ki mande dlo.
2. Mete pano ki di atè a mouye devan pòt la, floche tout twalèt.
3. Netwaye epi dezenfekte tout kote ou mete atik moun ap itilize chak jou epi ou dwe ranplase yo ofi e amezi y ap fini.
4. Retire tout fatra nan kontènè kote yo ye a, pase dezenfektan epi ranplase sachè poubèl yo.
5. Epouste kondui ayerasyon yo ak kote ki akimile anpil pousyè yo.
6. Bale atè a byen bale epi ranmase debri yo avèk yon pèl apousyè.
7. Flite tout lavabo, twalèt ak irinwa yo avèk dezenfektan. Kite dezenfektan an dodomeya pandan 10 minit.

8. Pandan dezenfektan an ap poze, siye separaté yo, sèri, manch pòt ak plak yo avèk yon twal fil fen jòn ak dezenfektan.
9. Itilize yon twal fil fen jòn pou newtaye epi seche tout lavabo ak miwa.
10. Itilize yon twal fil fen jòn pou netwaye epi seche lavabo.
11. Netwaye tout twalèt ak irinwa avèk yon bwòs twalèt ak yon twal fil fen wouj. Sèvi avèk dezenfektan pou tanponnen anndan irinwa ak bòl twalèt yo, pase bwòs twalèt epi floche.
12. Itilize twal fil fen wouj pou seche arebò anwo twalèt yo epi fè yon dènye pase.
13. Netwaye toude bò pòt antre/sòti avèk yon twal fil fen jòn ak dezenfektan.
14. Itilize dezenfektan pou pase bale twal mouye atè a. Koumanse dèye sal la epi kontinye rive nan pòt la. Plonje bale twal la nan bokit la, **PA** tòde l, kite enpe dlo koule tonbe.
 Mete bale twal mouye a sou planche a epi koumanse opere jiskaske ou rive nan pòt la. Pase bale twal mouye yon dezyèm fwa apre ou fin tòde twal mouye a. Lè se yon gwoup twalèt, chanje dlo avan w kontinye. Lè se twalèt senp, chanje dlo apre ou fini ak kat.
15. Enspekte travay ou.
16. Fèmen twalèt la ak kle epi kite pano ki di atè a mouye yo jiskaske atè a seche.
 Netwaye epi remete nan plas yo atik netwayaj yo.

Netwayaj Salklas yo Ranmase fatra ak epoustaj

Atik netwayaj;

- 1. Rasanble ekipman netwayaj yo.**
- 2. Itilize twal epoustaj fil fen pwodui natirèl.**
- 3. Fè sèten tout vesò ki resiklab yo byen make.**
- 4. Jete fatra chak jou.**
- 5. Mete sou ou ekipman netwayaj ki pou pwoteje w (PPE)**
- 6. Fè sèten tout boutèy pou aspèje yo byen make**

Netwayaj Salklas

Youn nan premye objektif yon pwogram netwayaj ak pwodui ki pa nui sante moun se ranfòse sante moun ki nan lokal lan. Sa ka fèt divès fason ki gen ladan yo idantifikasyon ak depasman kontaminan ki danjere yo tankou pousyè, limon, bakteri ak viris. Pandan pwosesis netwayaj la ka redui efè kontaminan danjere sa yo ak lòt ankò, malerezman, pwosesis netwayaj la ka koze pwoblèm pou sante moun ki nan lokal lan. Sepoutèsa, li enpòtan pou fè atansyon avèk tout pratik ak pwosedi netwayaj yo.

1. Fè gwo epoustaj chak semèn avèk yon twal epoustaj fil fen pwodui ki pa nui sante moun.
2. Vide taykreyon an.
3. Vide poubèl la. Ranplase plastik yo si yo chire oswa mouye. Dezenfekte poubèl epi ranplase plastik. Remete poubèl la kote ou te jwenn li an.
4. Dechouke gonm chiklèt ak lòt debri ankò ou jwenn atè a.
5. Ranplase anpoul ki sote. Make ak tep sòkèt anpoul ki pa limen epi rapòte pwoblèm nan bay sipèvizè w.

6. Netwaye tout grafiti ki sou tab yo epi retire mak sou mi yo avèk yon twal fill fen pou netwayaj ak pwodui ki pa nui sante moun.
7. Bale tout kote ki difisil pou jwenn ak rebò yo.
8. Itilize yon bale twal ki trete, pase bale twal mouye atè avèk yon mouvman kontinyèl san w pa leve bale twal la, koumanse dèyè sal la pou rive nan pòt la ak kwen twal mouye a nan menm direksyon. Itilize metòd vire tèt bale a devan dèyè pou w netwaye alantou tab travay elèv yo.
9. Kontinye pase bale twal mouye jiskaske ou fin kouvri tout sal la. Lè w fini, ranmase debri yo avèk yon bwòs ak veso pou ranmase pousyè.
10. Dezenfekte kote moun manyen toutan yo tankou manch pòt, switch limyè ak anwo tab.
11. Pase bale twal mouye kote ki nesosite sa chak jou epi pase twal imekte sou tout atè a yon fwa pa semèn. Toujou mete pano pou di atè a mouye.
12. Enspekte travay ou, fèmen tout fenèt ak pòt avèk kle epi etenn limyè yo.

Atik Netwayaj

Si salklas yo gen kote pou mete sèvyèt, se responsablite jeran an pou li ranplase sèvyèt yo chak jou. Pwodui chimik ak papye sèvyèt ekstra pou men pa dwe nan salklas la. Si yo itilize atik sa yo pou leson, lekòl la ta dwe achte yo.

Ranplasman Anpoul

Jeran yo ta dwe konnen se responsablite yo pou yo toujou ap chanje anpoul ki sote. Jeran yo dwe mete anpoul yo yon wotè pou menm yon moun ki kanpe sou yon echèl paka jwenn yo. Okazyonèlman, pandan n ap chanje anpoul ki sote, nou ka tou jwenn kèk lòt bagay ki gate. Tout sa ki bezwen chanje se responsablite estaf antretyen an. Sepandan, lè bagay la grav, jeran an ki ap eseye ranplase anpoul la dwe pran nòt. Yo dwe soumèt yon rekizisyon bay depatman antretyen.

Netwayaj Kafeterya

Atik Netwayaj:

- 1. Netwaye atè a chak jou.**
- 2. Fè sèten estaf kafeterya a itilize “food pulper” (SOMAT).**
- 3. Netwaye likid ki tonbe pandan repa yo.**
- 4. Mete pano pou di atè a mouye pou anpeche moun pase sou kote likid tonbe yo.**

Fè atansyon ak debri manje, batanklan ki ka resikle tankou ti mamit soda ak lòt objè ankò ki gen kras manje epi ki ka atire vèmin. Li enpòtan anpil pou n fè tout sa k posib pou n elimine bagay sa yo ki ka atire vèmin. Sa bon pou pwoteksyon moun ki nan lokal la puisque li redui oswa elimine bezwen pou itilize ensektisid. Mande moun yo pou yo rense veso yo itilize pou manje ak bwè avan yo depoze yo nan kontenè koleksyon batanklan resiklab yo.

Netwayaj Kafeterya

1. Pare atik netwayaj yo epi mete pano pou di atè a mouye nan antre yo.
2. Vide bwat fatra yo, netwaye epi dezenfekte kontenè yo, ranplase sachè yo.
3. Pase twal mouye/bale atè a. Ranmase debri yo avèk yon bwès ak yon pèl pou ranmanse pousyè.
4. Pase bale twal mouye a anba ak alantou tab, rebò ak kote ki difisil pou jwenn yo.
5. Itilize tanpon wouj la pou grate tout planche a avèk yon aparèy otomatik.

6. Netwaye pòt an vit la avèk twal fil fen ble a. Itilize yon twal fil fen pou dezenfekte fontèn dlo ak tout kote moun ap plede manyen tankou plak ak manch pòt.
7. Netwaye tach ki sou mi yo epi epouste ayerasyon è kondisyone yo chak semèn.
8. Enspekte travay ou. Fèmen pòt epi etenn limyè.

Vèni planche a yon fwa pa semèn selon seksyon sou vènisaj.

Travay ki sou kont jeran an nan kafeterya a

Genlè gen yon mank konprann nan kèk lekòl konsènan responsablite jeran an nan kuizin ak refektwa yo. Estaf kafeterya a responsab tout zòn kuizin nan.

Nan refektwa a, estaf kafeterya a va vide poubèl yo regilyèman, netwaye tab, chèz ak atè a aprè repa yo pou pwòpte zòn sa yo. Se pa estaf kafeterya a ki responsab pwòpte nan refektwa a. Sa se responsablite jeran an. Sa enkli vènisaj, bwosaj ak polisaj planche yo, netwayaj fenèt ak mi yo, elatriye.

Se sèlman jeran an ki gen dwa itilize atik netwayaj depatman antretyen voye. Se pa kafeterya a pou yo remèt atik netwayaj yo; yo genyen pwòp bidjè pa yo epi se yo ki responsab achte tou sa yo bezwen.

I È POU NETWAYAJ FÈT

CUSTODIAL CLEANING FREQUENCIES						
Area/Item	Work Description	Frequency				
		Daily	Weekly	Monthly	Annually	When Needed
Restrooms						
Toilets-Sinks-Urinals	Clean-Sanitize-Polish	X				
Dispensers: Towel-Soap-Tissue-Napkin	Clean-Sanitize-Polish-Fill	X				
Trash Containers	Empty-Clean-Replace Liner	X				
Mirrors-Latches-Push Plates-Partitions	Clean-Polish	X				
Graffiti	Remove	X				
Floors	Sweep-wet mop & sanitize	X				
Floors	Scrub W/Deck Brush		X			
Walls-Switch plates-Latches	Clean & sanitize-Remove graffiti	X				
Walls	Clean & Sanitize		X			
Floor Drains	Flush		X			
Floors-Grout	Machine Scrub			X		
Lights	Change Bulbs					X
Classrooms						
Floors-Baseboards-Corners	Sweep-Vacuum-Spot Mop	X				
Trash Containers	Empty-Clean-Replace Liner	X				
Sinks-Counters-Dispensers	Clean-Wipe-Fill	X				
Pencil Sharpener	Empty	X				
Lights	Change Bulbs					X
Light Covers	Clean Inside & out				X	
High dusting-Vents-Ledges	Dust		X			
Walls-Windows-Switch plates	Clean hand prints/dirt		X			
Floors	Wet Mop		X			
Floors	Burnish			X		
Floors	Scrub & Refinish					X
Floors	Strip & Refinish				X	
Furniture	Clean				X	
Cabinetry	Clean-Wipe				X	
Cafeteria						
Floors-Baseboards-Corners	Sweep - Mop	X				
Floors	Burnish		X			
Floors	Scrub & Refinish					X
Floors	Strip & Refinish				X	
High dusting-Vents-Ledges	Dust		X			
Trash Containers	Empty-Clean-Replace Liner	X				
Walls-Windows-Switch plates	Clean hand prints-dirt	X				
Lights	Change Bulbs					X
Light Covers	Clean Inside & out				X	
Drinking Fountains	Clean & Disinfect	X				
Interior Hallways						
Floors-Baseboards-Corners	Sweep-Spot Mop-remove gum	X				
Floors	Auto Scrub (Bi-weekly)		X			
Floors	Burnish (Bi-Weekly)		X			
Walls-Windows	Clean hand prints/dirt	X				
Drinking Fountains	Clean & Disinfect	X				
High dusting-Vents-Ledges	Dust		X			
Lights	Change Bulbs					X
Light Covers	Clean Inside & out				X	
Walls	Remove Graffiti	X				

LÈ POU NETWAYAJ FÈT

CUSTODIAL CLEANING FREQUENCIES						
Area/Item	Work Description	Frequency				
		Daily	Weekly	Monthly	Annually	When Needed
Exterior Corridors						
Sidewalks	Blow-Sweep-Remove Gum	X				
Sidewalks	Pressure clean				X	X
Walls-Windows-Doors	Clean hand prints/dirt	X				
Drinking Fountains	Clean & Disinfect	X				
High dusting-Vents-Ledges	Dust-Remove Cob Webs		X			
Lights	Change Bulbs					X
Light Covers	Clean Inside & out				X	
Walls	Remove Graffiti	X				
Grounds	Police litter	X				
Parking lots-Bus loop	Blow-Sweep-Police litter	X				
Gym-Locker Rooms						
Toilets-Sinks-Urinals	Clean-Sanitize-Polish	X				
Dispensers: Towel-Soap-Tissue-Napkin	Clean-Sanitize-Polish-Fill	X				
Trash Containers	Empty-Clean-Replace Liner	X				
Mirrors-Latches-Push Plates-Partitions	Clean-Polish	X				
Graffiti	Remove	X				
Floors-corners-baseboards	Sweep-wet mop & sanitize	X				
Showers	Sweep-wet mop & sanitize	X				
Walls-Switch plates-Latches	Clean & sanitize-Remove graffiti	X				
Walls	Clean & Sanitize		X			
Floor Drains	Flush		X			
Floors-Grout	Machine Scrub			X		
Lights	Change Bulbs					X
Drinking Fountains	Clean & Disinfect	X				
Benches	Clean & Disinfect	X				
Administrative Office						
Floors-Baseboards-Corners	Sweep - Mop - Vacuum	X				
Floors	Burnish		X			
Floors	Scrub & Refinish					X
Floors	Strip & Refinish				X	
High dusting-Vents-Ledges	Dust		X			
Trash Containers	Empty-Clean-Replace Liner	X				
Walls-Windows-Switch plates	Clean hand prints/dirt	X				
Lights	Change Bulbs					X
Light Covers	Clean Inside & out				X	
Drinking Fountains	Clean & Disinfect	X				
Custodial Storage Areas						
Floors	Sweep-wet mop		X			
Mops	Machine Wash		X			
Rags	Clean	X				
Equipment	Clean-Charge	X				
Buckets	Clean-Rinse	X				
Supplies	Restock		X			
Sinks	Clean	X				
Custodial Cart	Clean-Restock		X			



Daily Maintenance Communication

Teacher's _____ Room # _____

Please be reminded to always **stack ALL students' chairs** at the end of each day.

Areas/Items	Work Description	M	T	W	Th	F
CLASSROOM						
Floors-Baseboards-Corners	Sweep-vacuum-Spot Map					
Trash Containers	Empty-Clean- <i>Replace Liner</i>					
Sinks-Counters-Dispensers	Clean-wipe-Fill					
Pencil Sharpeners	Empty					
Drinking Fountains	Clean & Disinfect					
Restrooms						
Toilets-Sinks-Urinals	Clean-Sanitize-Polish					
Dispensers: Towels-Soap-Tissue-Napkin	Clean-Sanitize-Polish-Fill					
Trash Containers	Empty-Clean- <i>Replace Liner</i>					
Mirrors-Latches-Push Plates-Partitions	Clean-Polish					
Graffiti	Remove					
Floors	Scrub W/Deck Brush					
Walls-Switch plates Latches	Clean & sanitize -Remove graffiti					
Interior Hallway						
Floors-Baseboards-Corners	Sweep-vacuum-Spot Map					
Walls- Windows	Clean handprints/dirt					

Teachers,

ONLY submit this form to the main office for your noted maintenance concern(s). Each assigned zone is color coded for your convenience.

***WEEKLY COMMENDATIONS ARE HIGHLY ENCOURAGED...

Name: _____
Assigned Zone: _____

Approved: _____
Supervisor/ Administrative Designee



Daily Maintenance Communication

Teacher's Name: _____ Room # _____

Please be reminded to always **stack ALL students' chairs** at the end of each day.

Areas/Items	Work Description	M	T	W	Th	F
CLASSROOM						
Floors-Baseboards-Corners	Sweep-vacuum-Spot Map					
Trash Containers	Empty-Clean- <i>Replace Liner</i>					
Sinks-Counters-Dispensers	Clean-wipe-Fill					
Pencil Sharpeners	Empty					
Drinking Fountains	Clean & Disinfect					
Restrooms						
Toilets-Sinks-Urinals	Clean-Sanitize-Polish					
Dispensers: Towels-Soap-Tissue-Napkin	Clean-Sanitize-Polish-Fill					
Trash Containers	Empty-Clean- <i>Replace Liner</i>					
Mirrors-Latches-Push Plates-Partitions	Clean-Polish					
Graffiti	Remove					
Floors	Scrub W/Deck Brush					
Walls-Switch plates Latches	Clean & sanitize -Remove graffiti					
Interior Hallway						
Floors-Baseboards-Corners	Sweep-vacuum-Spot Map					
Walls- Windows	Clean handprints/dirt					

Teachers,

ONLY submit this form to the main office for your noted maintenance concern(s). Each assigned zone is color coded for your convenience.

***WEEKLY COMMENDATIONS ARE HIGHLY ENCOURAGED...

Name: _____
Assigned Zone: _____

Approved: _____
Supervisor/ Administrative Designee

Remèsiman

James Pickering, Lidè Ekip Sèvis Konstriksyon
Antretyen ak Operasyon Materyèl/Distri Lekòl Rejyon Palm Beach

Ron Barnett, Kowònate Seksyon Pwòpte
Antretyen ak Operasyon Materyèl/Distri Lekòl Rejyon Palm Beach

David Karlman, Kowòdonatè Seksyon Pwòpte
Antretyen ak Operasyon Materyèl/Distri Lekòl Rejyon Palm Beach

Tom Blash, Vis Prezidan
Netwayaj ak Pisin nan sid Florid

Steven King, Manadjè Rejyonal
Teknoloji Netwayaj Fanklin

Materyèl Referans

U.S. Green Building Council

Healthy Schools Network, Inc.

Pennsylvania Green Building
Operation and Maintenance Manual